

La Bib pou ti moun
prézanté

Danyèl ak rèv
misterye a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Wa Nebikadneza te fè yon rèv, epi sa te boulvèse li.
Gras ak Bondye, Danyèl te kapab eksplike wa a
siyifikasyon rèv li a.




Premyèman, Danyèl
te dekri rèv la avèk
presizyon. "O wa, ou
te wè yon gwo estatì.
Li te mengwosè epi li
te tèlman bèl !"




"Tèt estati sa a te fèt an lò."




"Lestomak li ak bra li te fèt an ajan."



"Vant li ak ren li te fèt an bwonz."




"Janm li yo te fèt an fè, epi pye l yo te mwatye fè
ak mwatye ajil."



Aprè Danyèl te fin dekri estati a pou wa a, li te rakonte l rès rèv la.



"Ou t ap gade estatì a lè yon
wòch te kase poukont li."



"Wòch la te frape pye
estati a ki te fèt an fè
ak ajil la, epi li te
kraze yo an miyèt
moso."



"Aprè sa, estatì a te kraze. Li
te tounen pousyè epi li te vole
ale." Danyèl te sispann pale.
"Epi wòch la te vin tounen yon
gwo mòn ki te plen tout latè."



Wa a te sezi. Se te egzakteman sa li te reve a !
Kijan Danyèl te ka konnen sa ? Se sèlman gras a
Bondye Danyèl te kapab fè sa. Lè sa a, Danyèl te
kòmanse ap eksplike wa Nebikadneza sa rèv li a te
vle di.





"Bondye ki nan
syèl la te ba w yon
wayòm, pouvwa,
puisans ak glwa,"
Danyèl te di wa a.

"Tèt an lò a se
w menm."



Danyèl te di wa a wayòm
an lò li a pral fini. Pati
an ajan estati a siyifi
yon wayòm ki genyen
mwens puisans
pral pran plas li.
Bwonz lan
siyifi yon lòt
wayòm. Epi
fè a ak ajil
la reprezante
yon katriyèm
wayòm.



PEYI WA 1


PEYI WA 2

PEYI WA 3

PEYI WA 4



Dènye bagay Danyèl te di wa a se te sa a : "Bondye
ki nan syèl la apral tabli
yon wayòm ki p
ap janm detwi."



Wa a te rekonèt se
sèlman Bondye ki te
kapab bay Danyèl sajès
pou li konnen epi
konprann rèv li a.
Nebikadneza te
rekonpanse Danyèl ak
richès epi li te fè l vin
yon nonm enpòtan nan
wayòm li a.





Premye,
dezyèm ak
twazyèm
wayòm
yo te
vini
epi
yo te
disparèt.

Wayòm Bondye
a ap vini apre
katriyèm
wayòm nan.
Mesi a pral
renye sou
tout latè.
Epi se
kapab nan pa
twò lontan !



Danyèl ak rèv misterye a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Danyèl 2

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

